80. Мэшыкъуэ Барэсбий Мурид и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1963 гъэм мышыкlэм и 23-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Лэскэн районым щыщ Аргудан къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Лэскэн район, Аргудан къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Геолог» СОК-м и унафэщlщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым хэтщ.

81. Кlуэкlуэ Юрий Мухьэмэд и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1967 гъэм фокlадэм и 24-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Бахъсэн къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Май район, Май къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «ЮТК» ОАО-м и унафэщlщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм, чэнджэщэгъуэ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым хэтщ.

82. Мурт Ахьмэт Ибрэхьим и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1968 гъэм щышылэм и 5-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Шэрэдж районым щыщ Балъкъэр Ипщэ къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Шэрэдж районым щыщ Балъкъэр Ипщэ къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

91. Бозий Билал Бесльэн и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1959 гъэм гъатхэпэм и 25-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Аруан районым щыщ Псыгунэ су къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Аруан район, Псыгунэсу къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Гъэгъунэкъуэкъэ и щlэкlэ щыlэ мэкъумэщ lуэхущlапlэ» ООО-м и унафэщlщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

100. Широков Сергей Владимир и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1968 гъэм мэкъуэугъуэм и 3-м, къыщалъхуа щlыпlэр - Приморскэ крайм щыщ Владивосток къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Май къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Налшык къалэ администрацэм щlалэгъуалэм я жылагъуэ зэгухэзнагъэхэмрэ я lуэхущlапlэ и кlуэдамэм и Іэщlагъэлl нэхъыщхьэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

109. Джабоева Аминэ Серго и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1968 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Налшык къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ район, Прималкинскэ къуажэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къэзэхъстан къуажэ» узынщагъэр хъумэныкlэ муниципальнэ lуэхущlапlэм и докутыр нэхъыщхьэм и кlуэдзэщ.

101. Кlуэдзокъуэ Юрий Петр и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1955 гъэм мэзыбжьыхьым и 23-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Тэрч районым щыщ Уорджэнэ къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Тэрч къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Управление «Спецмелиоводхоз» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщlщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

102. Калабековэ Эльмирэ Хьэлым и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1977 гъэм мэкъуэугъуэм и 21-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Налшык къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, Хьэсэней къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къалэ поликлиникэ №24» узынщагъэр хъумэныкlэ муниципальнэ lуэхущlапlэм и махуэ стационарым и докутыр-терапевт, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

103. Хан Олег Юрий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1954 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м, къыщалъхуа щlыпlэр - РСО-Алание, Владикавказ къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Прохладнэ водоканал» МУП-м и генеральнэ директорщ, Прохладнэ къалэ округым и щlыпlэ самоуправленэм и Советым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и Советым хэтщ.

104. Лыдыжьэ Руслан Сультlан и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1954 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрэкlэ къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Прохладнэ водоканал» МУП-м и генеральнэ директорщ, Прохладнэ къалэ округым и щlыпlэ самоуправленэм и Советым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и Советым хэтщ.

105. Тембот Арсен Мухьэмэд и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1962 гъэм мэкъуэугъуэм и 5-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Дзэлыкъуэ районым щыщ Псынэдзэ къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Дзэлыкъуэ район, Псынэдзэ къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и унафэщlым экономикэмкlэ и финансэхэмкlэ и кlуэдзэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

106. Горбань Маринэ Юрий и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1966 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м, къыщалъхуа щlыпlэр - Челябинск къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Дзэлыкъуэ районым щыщ Псынэдзэ къуажэ, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Дзэлыкъуэ район, Псынэдзэ къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и унафэщlым экономикэмкlэ и финансэхэмкlэ и кlуэдзэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

107. Мечкаев Алихъан Азрэт и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1975 гъэм щышылэм и 21-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Бахъсэн районым щыщ Жанхъуэтекъуэ къуажэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Шэджэм районым щыщ Шэджэм къала и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Жэящlэ-медицинэ эксперт бюро» узынщагъэр хъумэныкlэ къэрал lуэхущlапlэм и унафэщlщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

108. Консенциуш Борис Алексей и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1968 гъэм мэкъуэугъуэм и 8-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Налшык къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Налшык къалэ администрацэм щlалэгъуалэм я жылагъуэ зэгухэзнагъэхэмрэ я lуэхущlапlэ и кlуэдамэм и Іэщlагъэлl нэхъыщхьэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

110. Тихоньков Вадим Геннадий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1960 гъэм мэзыбжьыхьым и 12-м, къыщалъхуа щlыпlэр - Къэзэхстан, Актюбинскэ областым щыщ Тайкеткен къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ район, Прималкинскэ къуажэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Прохладнэ къалэм и «Къалэ Думэ» Джыдэкlуэнгъэхъумэныкlэ муниципальнэ lуэхущlапlэм и докутыр нэхъыщхьэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

112. Емуз Маринэ Сультlан и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1969 гъэм щэкlуэгъуэм и 17-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Прохладнэ къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Прохладнэ водоканал» МУП-м и генеральнэ директорщ, Прохладнэ къалэ округым и щlыпlэ самоуправленэм и Советым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и Советым хэтщ.

113. Бейгуньэ Къазбэч Хьэсэн и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1979 гъэм мазаем и 3-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Налшык къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Парламентым и депутатщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

114. Фокин Александр Геннадий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1952 гъэм мэкъуэугъуэм и 15-м, къыщалъхуа щlыпlэр - Амурскэ областым щыщ Благовещенск къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур - Налшык къалэ администрацэм и унафэщlым экономикэмкlэ и финансэхэмкlэ и кlуэдзэщ, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым хэтщ.

115. Шыпш Асльэн Мухьэмэд и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1983 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м, къыщалъхуа щlыпlэр - КъБР, Налшык къалэм, щыпсэу щlыпlэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, и щlэныгъэр - профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ, и лэжьапlэ е кlуалэхьуапlэ нэхъыщхьэр, иныгъ кlуалэхьуу, зэлэжь lуэхур

Мыекъуапэ и нур

Сурэтыр тезыхар **Хьэмту МуІэедщ.**

Ар щапхъэфІщ

Щэныбэ Олег (куэдым гъэфІэгъыбзэу «Уэлий» зыхужаІэм) сабий фІыуэ елъагъу, ауэ я Іэпхъэм исыр (Анзорхэ Іэбу-Бэчыр щыкІур) зыпищ щымыІэщ и адзр и ныбжьэгъуфІщ. «Адыгэхэм ди пабдзэщ, - зыхужьитІу щыта, Абхъазым и Іныхъужь, иджыблагъэ дунейм ехыжа (ахърэт нэу Тхьэм къринтІ) Сосналы СультІан и лІэужьхэм ящыщщ.

- САБИЙХЭР СИ ТІАСХЪАПІЭЩ, - жеІэ Олег, - куэд щІакъым сэри си пхъыриІхъуэм зы дыгъэшыр щыкІу къаэзрыхьхъуэрэ. Ари си гурыфІыгъуэщ. Сабийхэм я псэр къабзэщ, дерсыфІхэр псынщІэу къапхъуатэ, компьютер телыдизэм хуэдэу, Іэбу-Бэчыр щыкІуми и адзм и гъусэу мэжджитым къыздрикІуэр, щэч хэмылъу, сэбэныщхъэ къыхуэхъужынущ - гурэ псэкІэ зыхищІэнущ мусльымэныгъэм и Іэфіагьыр, дахагъэр, къапІагъэр. Сабийуэ дин щІэныгъэ пэжыр зэзыгъэгъэтыфар гъуэгу захуэм пхутекІынукъым, Іэщэ къищтэжи мэзым щІэтІысхьэнукъым. Щіэныгъэншэхэращ къэгъэпцІэгъуафІэри щыбгъэуэну тыншри...

Олег къыздриІыптэмкІэ, пасэ дыдэу щІэдзэн хуейщ сабийр гъэсэным. Сабий псори мусльымэну дунейм къытохъэ. КъыдэкІуэтейуэрэ, куэдыр гъащІэм и гъэсыпхъэрисхэм дунейм пыІуаш, гугъуехъ зэмылІэужьыгъуэхэм хэмыкІыурэ, -зэрыпсэун Іужу- зэрахъэурэ. Щіэныбэри ящыщщ -Іэштімыщ лІы ищІэхэм-.

Мы лъэпкъым и1эщ тхыдэ хъарзынэ. Щіэныбзэ щоп-сэу Тыркуми, Иорданиеми, нэгъуэщІ щыпІэхэми. Абы-кэм къаэхкІат генерали, Имамышхуи, щІэныгъэлІхэри.

Болэтэй дэсащ Олег и адэшхуэр. Щэщ гъэхэм, зы-хуэкІ хуэзэу зэрыпсэуи къыхэкІыу, лъэпкъыр зэкъэхуэн ящІ, я мылъкур трах. Абыи къыщыыпынэу, жылагъэр ирагъэбгІэну.

- Ди адэ Каченкэ янэрей механизаторхэм ящыщащ, - игу къеГъэкІыж Олег, - и Іэпщлъапщагъэр къалъытэри, Лъэхэн ЕтІуанэм щыгъэхэта артелым игьанкІу. Фіыуэ лажьэрт си адэр. ЗэрыжьхІащи, и Іэпэм дыщэр къыпыщІрт. Артелыр Старэ Іэскэн щагъэпэхуэн, ди унагъуэри абы макІуэ. Дин здэщыпмыІэм, къызэрыщІэкІамкІэ, гущІэгъуэри щымащІэщ. Сыт хуэдизкІэ щІыхуэхэм сэбэп яхуэхъуэри, ящынкІыуэ унафэщІхэр си адэ-анэм пхъашэу къыпсалъэрт, «хэхэс- псалъэ жагъуэр къыпрагъэкІрт. Аплхуэдэу зэрыщытым къыхэкІыу, уэсят къащІри, си адэр Болэтэй, си анэр Дзэпыкъэжьуаж (зыщІалъуэ жыла-гъуэхэм) щыщІэтптъхьэжьгащІ.

КъыдзэрыгэкІщ икІи дерсыфІэщ Олег и гъащІэ гъуэгуанэр. Анзорей къыщыалъхуащ, къыщыкъуащ. Германием дзэ къулыкъур щрихьэкІащ. НужьакІэ МафІэсгъэункІыфІ Іэкъуэм фІы дыдэу щыхуеджащ Воронеж, Харьков къаІэхэм. Зригъэгъэта Іэщ1агъэхэм зыкъомрэ хъарзынэу ирилъжьащ.

1990 гъэ лъандэрэ хъэрычэтыщІэщ. Диным жьыдэ-ру хэтщ. Унагъэщхуэм и тхьэмадэщ. Олег хьэж ящІащ. И Іужу епІыкІэр утыкушхуэхэм щыжеІэф. ЖьакІэуу къыщыпсэльэгъащ Урысейпсо семинархэм ящыщ зы Москва щекІуэкІам.

А псоми къадэкІуэу, куэдым къащІыху, фІыуэ къалъагъу, духьэщы щыпкъэщ, щыхуу тепІыкІэ нэжэгужэщи. Тхьэр арэзы ящыхуэхъуну дыхуохьэхьэ!

Тхьэр гуэныхьыгъэгъущ

- Зыкъом хьэщыІыкІ диным, ауэ си Іиманыр тІасхъэщ чэнжщ. Алыхьыр си фІэщ мэхъу. Ауэ зыгуэрхэр зэран къыхэхуэхьури, ахэр къыстекІуэпэнкІэ сошынэ. Сыт сщІэнур?

- Еджэ, уи щІэныгъэм хэгъахьуэ, чэнджащэ, гугъу зегъэхь, тхьэ елъэІу. Гурыгъу-гурыщІэхэм щІэх-щІэхьыурэ захъуэж, фІэщхъуныгъэращ, бырэу ди псэм хэувэр, Тхьэр хъыддэІэпыкъуэм. Уи Іиманыр хэбгъэхъуэну, бгъэбыдэну ухуеймэ, гурэ псэкІэ хущІэкъуэ диным тету-хуаэу щІэныгъэ нэхъыбэ зэрыщІэзыбгъэзэрыгъэныкъым, гупсысэ купщІэнщэжэм зыдумыІэгъхьэж.

- Илъэс 35-рэ хуэдизкІэ сыдоплсэу Алыхьыр си фІэщ мыхьу щІыхуэм. Ди пхъур чыристан диным итхьэкъуащ. Ар си дежкІэ удынышхуэт. Зэпымыууэ Тхьэм солъэІу си гуэныхьхэр къыхсучІыгъэгъуну. КъыхсучІыгъэгъуну пІэрэ?

- Тхьэм и гущІэгъэр гъунапкъэншэщ. Абы щыхьэт тохьуэ КъурІэным ит мы псалъэхэр: «Гъэныхь кхуэ щхъэхьа Си щІыхуэхэм яжеІэ [Мухьэмэд]: «Алыхьым и гущІэгъуэм фи гуэрщхэ хэвмыхьжк! Алыхьым гуэныхь псори егъэгъу: Ар гуэныхьгъэгъущ, гущІэгъущІщ» («Гупхэр» сурэ, 53-нэ Іэят).

- Сэ сычыристан цІыхубзщ. Ауэ сыхуэит муслымэн сыхъуну. Дауэ ар зэрыззэгъэхъуІэфынур, си Іыхьлхэм зыкъыхсуамыгъэгусэу?

- ГукъэкІыфІ пщІащ. Ар зэбгъэхъуІэфынущ, ауэ, щэч хэмылъу, гугъуехь гуэрхэри уи фэм дэкІынущ. Іуэхум тегушхуэ. Бэшэчагъ, нэмыс, тамакъкІыхьагъэ зыхэгъэзэн. Хьэпалъу Іуэхум и къалэнхэр гъэзащІэ, уи Іыхьлхэм фІыуэ яхущыт, арэзы къыпхуэхъуэн хуэдэу. Зи гуэныхь псори егъэгъу: Ар гуэныхьгъэгъущ, гущІэгъущІщ» («Гупхэр» сурэ, 53-нэ Іэят).

- Сэ сычыристан цІыхубзщ. Ауэ сыхуэит муслымэн сыхъуну. Дауэ ар зэрыззэгъэхъуІэфынур, си Іыхьлхэм зыкъыхсуамыгъэгусэу?

- ГукъэкІыфІ пщІащ. Ар зэбгъэхъуІэфынущ, ауэ, щэч хэмылъу, гугъуехь гуэрхэри уи фэм дэкІынущ. Іуэхум тегушхуэ. Бэшэчагъ, нэмыс, тамакъкІыхьагъэ зыхэгъэзэн. Хьэпалъу Іуэхум и къалэнхэр гъэзащІэ, уи Іыхьлхэм фІыуэ яхущыт, арэзы къыпхуэхъуэн хуэдэу. Зи гуэныхь псори егъэгъу: Ар гуэныхьгъэгъущ, гущІэгъущІщ» («Гупхэр» сурэ, 53-нэ Іэят).

- Тхьэм и гущІэгъэр гъунапкъэншэщ. Абы щыхьэт тохьуэ КъурІэным ит мы псалъэхэр: «Гъэныхь кхуэ щхъэхьа Си щІыхуэхэм яжеІэ [Мухьэмэд]: «Алыхьым и гущІэгъуэм фи гуэрщхэ хэвмыхьжк! Алыхьым гуэныхь псори егъэгъу: Ар гуэныхьгъэгъущ, гущІэгъущІщ» («Гупхэр» сурэ, 53-нэ Іэят).

- Сэ сычыристан цІыхубзщ. Ауэ сыхуэит муслымэн сыхъуну. Дауэ ар зэрыззэгъэхъуІэфынур, си Іыхьлхэм зыкъыхсуамыгъэгусэу?

- Ауэ ар щапхъэфІщ. Щэныбэ Олег (куэдым гъэфІэгъыбзэу «Уэлий» зыхужаІэм) сабий фІыуэ елъагъу, ауэ я Іэпхъэм исыр (Анзорхэ Іэбу-Бэчыр щыкІур) зыпищ щымыІэщ и адзр и ныбжьэгъуфІщ. «Адыгэхэм ди пабдзэщ, - зыхужьитІу щыта, Абхъазым и Іныхъужь, иджыблагъэ дунейм ехыжа (ахърэт нэу Тхьэм къринтІ) Сосналы СультІан и лІэужьхэм ящыщщ.

БЕГЪЫМБАРЫР арджэным тесу щІыпІагъум, ар фІэпсэкІуэдщ. Гъэмар еупщІащ: «Уэ Алыхьым и лІыкІуэ, щхьэ уэнщху щабэ утемыльрэ, ар уэ пхуэзэфІэкІынущ». Бегъымбарым жиІащ: «Уэ Гъэмар, дэ псори гъуэгу дытетщ, жьауэпІэ дгъуэтмэ зыщІотІысхьэ, зыдогъэпсэхэурэ, ди гъуэгуанэм къыпІощІ».

Аращи, дэ (щІыхуэхэр) дыгъуэгурыкІуэщ. Гъуэгу тетым къыздикІыр, здынэсар, здэкІуэр ищІэмэ, гъуэщакъым, ауэ ахэр имыщІэмэ, гъуэщауэ плъытэ хьунущ. Хэти къыдгурыІуэн хуейщ: дыщымыІэу, Тхьэм дыкъигъэхъуащ, мы Дуней гъащІэр гъуэг уанэ кІэу - кхынэщ, дыздэкІуэр дрей Дунейрщ. Ар фІыуэ зыхэтщІэмэ, ди гъащІэр тІынщу тхьынщ, Алыхьым и пащхьэм дихьэжми, жэнэтыр псэупІэ тхуищІынущ.

ЩІэныгъэм я нэхъыщхьэр Алыхьыр пщІэнраш: и къаурур, зэфІэкІыу иІэр, гъуси Іыхьэтхуэ зэримыІэр. Ар фІыуэ къыбгурыІуэмэ, ЕзымкІэ ужьыбзэлъэнущ, Абы ухуепльэкІынущ. Алыхьым дыкъыщІгъэщІари аращ - дыхуэпщІлІын щхьэкІэщ.

«Сэ жиныкмрэ цІыхумрэ къыщІэгъэщІар къыкъэуэщыщІын къудей щхьэкІэщ» (Сурэ, 51, Іэят. 56.).

Муслымэн тхакІуэхэм, гъэсакІуэхэм куэд яхэтщ нэщІ, нэмэз къалэнхэр ягъэзащІэмэ, ислъам диным тэмэму хуэлажьэу къалытэу.

Ауэ мы диным къигъэувыр нэмэз е нэщІ къудейркъым. Бегъымбар льапІэм зэрыжиІащи, «Муслымэныгъэр уи ІэкІэ е уи бзэкІэ ІейІ зумыхьэнырщ... Ииман зиІэу плъытэ хьунур езыр зыщІэхъуэпсым хуэдэр нэгу зэщхэми къайхуэ - лІэныр зыфІэфырщ».

ЦІыхум и къалэнщ щІыр игъэдэжэну тэмэму, гъашІэм имыгъэтхъуэу е псэну . Нэмэз ищІми, нэщІ исми, и псапэхэр фІокІуэдыж Іэужь мыхьумыщІэхэр зиІэм.

Хэт сымэ гъашІэр зыгъэуІэхьуэр? Алыхьым фІэмыкІыжьІ, хэрщ, зыхуейр зылэжьыхэрщ, пщалъэмрэ зэчалъмкІэ хэзэрэм зышхэхэрщ, хабзэншэхэрщ, цІыхугъэншэхэрщ.

«ПщылІ» псалъэм къикІыр «жьыІэдаІуэ щыгъынырщ». Тхьэм и жьыІэм уодалъэ, псалъэм папщІэ, фІы пщІэмэ, хьэрэмым зыщыбдзейм». КъурІэным и унафэхэр уи гъуэзэмэ, бегъымбарым и льагъуэм урикІэмэ.

КъурІэнир Алыхьым кІыщІтхуигъэкІыар деджэну, абы кхыдгурыІуэмэ, ЕзымкІэ дытету дыпсэну аращ. КъурІэнир къызыхуэдгъэсэбэлпхъэр ІаІэм я закъуэкъым. Пэжщ, ІаІэм КъурІэным уахуеджэныр, уахуэлъэІуэныр псапэщ. Сыт хуэдэхэр абы дыхэреджапхъэр? ХьэрыпыбзэкІэ? Ар зымыщІэр Тхьэлъ льапІэм едж эн хуэмейуэ ара? Хьэуэ! Еджэ уи анэдэлъхубзэмкІэ, нэхъ узыхуэщІэрыуэбзэмкІэ. Нэхъыщхьэр абы итыр фІыуэ кхыбгурыІуэнырщ икІи бгъэзэщІэнырщ.

ЯпэдыдэмуслымэныгъэР, хьэрыпыбзэм и мызакъуэу, нэгъэуЗ льэпкъхэм я бзэхэм егъэззэгъэн хуейуэ кхыхэзылъхьаР Салмэн аль-Фарсийщ, пасэу ислъамыр къэзыщтахэм, Мухьэмэд бегъымбарым и ныбжьэгъуэхэм яхэтарщ. Іимамхэм ящыщу КъурІэныр нэгъэущІыбзэхэмкІэ зэдзэкІыпхъэу жьызыІар узэщІакІуэ щэджащэ Іэбу Хьэнифэщ. Мы зэманым ФІыцІагъэ льапІэр ядж, бзищэм щІигъэм къырагъэтІэсауэ.

КъурІэным сытыбзэкІэ уеджэми псапэщ, кхыбгуроІуэри. Пэжщ, а Тхьэлъ льапІэр кхыззэрытхуехар хьэрыпыбзэщ. Сыт щхьэкІэ? Кхызыхуехар хьэрыпытт. Ауэ, шэч хэмылъу, Алыхьэ талъэр и лІыкІуэм (Іэдэм, Нух, Хьисэ, нэгъэущІхэми), зэрепсэлъар абыхэм я льэпкъыбзэкІэщ.

ЦІыхуэр жинри Алыхьым хуопщылІ, ЕзымкІэ жьыІэдаІуэщ. Абы теухуащ, къэбгъэльыдэуэмэ, КъурІэным ит мыпхуэдэ псалъэхэр: «АтІэ уэ пльагъуркъэ уафэми щІыльэми щІыэхэм я щхьэр Алыхьым зэрыхуагъэтІылъыр - дыгъэми, мазэми, вагъуэхэми, къуршхэми, жьыгхэми, псэущхьэхэми («а псори Алыхьым къахуигъэщІа хабзэхэм ткІийуэ тетщ - жьыхуиІэщ), цІыху Іэджэмэ, хьэзаб къэзылэжьари куэдщ (Алыхьым цІыхухэр ГъуэгУ захуэм тетыными кІыными хуит ищІащи, хэт мэгъуащэ, хэти узэщІауэ мэпсэу). Алыхьым игъэпудар зыми кхыхуэІэтыжьынукъым» (сурэ 22, Іэят 18).

ЦІыхур хуитщ ищІэнум, акъыл къритащ. Гъуэгу Іейри гъуэгу дахэри къригъэлъэгъуащ. Зыхуейр кхыхихыну хуитщ. Кхыхихар зыхуэдэмкІэ жэуап ихьныуи кхьытохуэ. Псэущхьэм е си щхьэр зэтемыслъэм я щхьэр зэтемыслъэм зэзыгъэнкІэ ІейІ ящІ. Ар зыщІыпІэ зыхьэнкІэ ІейІ щынагъуэщ, лъэпкъыр зыхуэмейщ. Сыт абы теухуауэ мусльымэныгъэм жиІэр? ФІыцІагъэ льапІэм итщ мы псалъэхэр: «Фи мылъкуэхэр зэхэрмыгъэкІэ зэфІэвмышхьж, унафэщІхэми (Іулъхьэ) яІэщІэфІэлъхьэуурэ, хамэ мылъку къэвмытхьэкъу, ар зэрыгуэныхьыр щыфщІэкІэ».

(*Сурэ 2, Іэят 188-рэ*).

Бегъымбарым жиІащ: «Іуэлъхьэ зытри, къеІызыхри, а тІур зэпызыщІэри зэхуэдэщ. Абыхэм Алыхьым и нэлатыр къалъэІэсынущ».

Іуэлъхьэшхым зыри щхьэусыгъуэ иІэкъым хьэрэм ишхын папщІэ. Іуэлъхьэр хьэрэмщ, ар зэзыхьэлІэм мафІэкІэ ІейІ ахърэтым щиплыныжынущ, дунейми Тхьэм къыщыхуигъэгъунукъым.

КЪЭНЖЭКЪУЛ Мусэ,
диным и лэжьакІуэ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн

ГурыщІэ нэхухэр

***

Къайгъэшыхэр мыувыІэ -
Хасэ Іейуэ хъуам я уз,
Зауэ мафІэ, зауэ щІыІэ...
Уэгурэ щІыгурИ ягъэгъэІз.
Щхьэ хауГэрэ щхьэ ІаІагъэр?
Хуей ди динкъэр зэдэуэн?
Тхьэшхуэм ибжрэ ар захуагъэу?
Хуей къомыщхьым уеззэуэн?
Щыт динщІэкъуу, умыкІийуэ,
Тхьэуэ кхьэупхар гъэпэж.
Ауэ зы зэгъащІэ ткІийуэ:
Уэ уцыхуу! Ар псом ящхьэжщ.
Тхьэшхуэр пщІым уи фІэщ - уи фІыгъ уэщ.
Уи бзэр пхъашэу ущымыт.
Псэ ешамкІэ Тхьэр щІэщыгъэщ,
Тхьэшхуэр дин хэпІыхь хэмыт.

***

Фи псэм и нур хуабэр
нэхъри кхыззэщІэфщІэ,
Мусльымэнхэ э, псори быдзэ быдзэкъуэт.
ДадэвгъэІэпыкъуи гуэныхьлы
кьытфІэщІхэм,
Тхьэшхуэм и нур кьабзэр
я псэм евгъэгъуэт.
ФІыщІэ хуэщІ Алыхьым,
муслымэн гуащІафІ!
ЗэрыпхуэзэфІэкІкІэ
фІыгъуэм тхущІэлъэІу.
Зэман зэрызехьэм
кьимыхьыну мафІэ,
Уи нэмэз уахьтыкІэ
тщхьэщыхьыф бэІутІэІу.
Псоми я тхьэлъІур
ЗЭХЭТЛЪХЬЭФУ щытым,
Ди псэхэр зы хъунщи, дыкъращІэнщ.
ТхьэмыщкІагъэ гуэрым дынэсау, дыІутым,
Ди къару зэхэлъыр абыи пэльэщынщ.
Тхупищэнщ цІыхУ ГъащІэм
псори Къэзыгъэщым,
ЦІыхур нигъэсыну
къызыхуигъэщІам,
Къару фІыцІэ щэхуу
щыІэм дагъэІэщІэу,
ДыщигъэгуфІыкІыу щІэбгъ кьытхуэпщІам.

***

Дуней щэхум, щыхьэтыншэу,
Си гум щэхуэхр из схуещІыж.
Сохь зэманыр бэІутІэІунщэу,
Си гугъуехьхэр соГъэвыж.
Щыху тхьэмыщІэми, и фІэщу,
ЖиІэрт: «Ей, нэсащ дунейр...»
Тхьэнщэ куэди лъаІуэрт лъэщу,
ХьщІэу я псэ щыуэрейр.
Щыхьэ пхузощІыр, КъэгъэщІакІуэ! -
Уэ иджыри дыбошэч.
Щыхур, зыр адрейм ещанкІуэу
Щытми, Уэ дыбощІ бэщэч.
Дзыхь пхузощІыр, нэхъ Лъэщ дыдэ!
Си псэр Уэ бдощІэрэщІэж.
Си гупсысэр схуэбгъэбыдэу,
ФІым и пащхьэм сыбошэж.

***

...Сэ уафэр си куэщІ изоджыкІыр.
Абы сезыпх псори сопщыт.
Уэгу-кьупхъэм зэмыщхьу кьижыкІыр
Зыр зым зэрещхь гуэр кьызоубыд.
Си гуащІэм и хъуапсэ кьарукІэ,
Си хуабэ куеишхуэм лІоІэс,
ГъащІитІ я лъэмыж зэпрукІэ
Тхьэм дэри зыхуейм дынегъэс.
А фІыгъуэри тхуоухьр нэхуГэ.
НэхуГъэм ди гуэгу кьегъэнэжу.
А псоми кьигъэщІу цІыхугъэ,
СогуфІэ, нэжьыбэ кьэсщІэху.
Сэ щІым сергъаСэ сыгушхуэу,
И Іэфи си гъусэу кьегъэщІ.
Кьыдельхьэри си пщэм Іуэхушхуэ,
Си махуэ кьэблагъэр схуеуэзщІ.

***

Аргуэру вагъуэ модэ кьыщалъхуащ.
Аргуэру вагъуэ щылІэжащ зыщІыпІэ...
Ди щІыгу дахащэм Іэдэжм ягу щахуащ,
Ямыізу дуней гъащІэкІэ псэхупІэ.

Ара кьысфІощыр, уафэм сэ сипльэку,
ЩІэсльагъур жьыжьэу цІыхухэм я нэгу хъуШэ.
АтІэ, дымыщІэу, уэгум иІэ щэху,
Иубзыхуа зыгуЗэрхэм дэ дыхуЙшэу?!

Аргуэру псэщІэ модэ кьыщалъхуащ.
Аргуэру зы псэ щыхэкІащ зыщІыпІэ.
Ди щІыгу дахащэм зы псэ Іэщ1эхуащ,
Ди гущІэм хэпІ тельыджэм и щэсыпІэу.

***

Тхьэм и лІыкІуэр гуфІэрейу щытакъым.
Бегъымбарэр тепльэкІэ нэщхьейт.
ЯГъэв ахэм ди хьэзаб, чуэсакъыу
Ди гугъуехьхэр дэ тщхьэщах нэхьей.

***

НэгъуэщІ гъащІэ куэди яльэгъууэ,
Тхьэм яхилъхьэ хуэдэ кьару лъэщ,
ЩІым гуэныхьу щІыГэр зэщІакъуаэу,
Тхуапшыныж абыхэм сэ кьысфІощІ.

Уэ уцІыхумэ, ар зыгурыІаІуэ!
Уи псэм хуэхьу хуэ
Ахэращ зи фІыгъэр. Ахэрщ льаІуэр,
Ахэрщ Тхьэм и нэфІыр зыщыхуэр.

Драгъасэ ахэм зытшІэну,
УЗэщІакІуэ щІыхуэр хуейщ пшынын.
НэгъуэщІ цІыхум і гущІэгъу худИЗну,
ДыхуэльаІуэу и уз гуэр кІуэдын.

***

Гурыщ1аФІэу, унэщхьейуэ
Си псэ гъуэсу уэм ущест.
Мазэ нурыр шылэхъару
Уи щхьэщІыгу унГъафІэу теІъ т.

Нур тельыджэ кьыщхьэщихыу,
Мжджыт льапІэр ди псэгъэфІт.
Псэ зэгъаКІуэхэр зэжихыу,
Дуней псом дэ дрифІэфІт.

Ди гурыщІэм иІэ гущІэм
ТфІэщІт насып кьрикІута...
Арагъэнт кьыльыхьуэу гъащІэм
Дэщхьэ псэкІэ зэгуэкІуа.

Зэманымрэ динымрэ

Іулъхьэр

Іулъхьэу къулыкъущІэм ептым лъэпкъыр зэІегъэхьэ, щхьныгъуэ Іейр Іэпкълъэпкъым зэримыдэм хуэдэу. Дъэпкъ узыншэм езэгъынукъым Іулъхьэр. Мылъку хьэрэмым ІаІэкІэ щІы ІыфынущІ, пщІыри пажу къыщІригъэдзыфынущ.

МЫПХУЭДЭ къэхуауэ жаІэж. ЦІыхуитІ зэдаУэрт. ТІури хуейт я кІэныр къикІыну. Хеящ1эм Іулъхьэ зэрыфІэфІыр ящІэртти, зэрымыщІэу зым адакъэ, ар щІэрт тІы ІэщІалъхьащ. Дэтхэнэми и гугъэжт хеящІэр къищэхуауэ. ПІалъэр къэсри, хеящІэм къыжиІащ тІы зытам и Іуэхур къызэрикІар. Адакъэр зытам, къэгуэзавэри, хеящІэм жриІащ: «Сэрращ екІри, си Іуэхур нахуэщи, маІуэ», адакъэр тыгъэ зэрыхуущІар иГу кьигъэкІыжу. ХеящІэми ар жэуапыншэу къигъэнакъым. «Уи дэуэгъум,- къыжриІащ,-и Іуэхур Іуэ къудейкъым, атІэ мэпыдж».

Аращи, Іулъхьэм щІыр игъэпэжыну, хейр игъэмысэну, дыгъуакІуэр цІыху къабзэу къыщІригъэдзыну щыхуэзэфІэкІ къохуэ. Іулъхьэр Іейщ, шынагъуэщ, лъэпкъыр зыхуэмейщ. Сыт абы теухуауэ мусльымэныгъэм жиІэр? ФІыцІагъэ льапІэм итщ мы псалъэхэр: «Фи мылъкуэхэр зэхэрмыгъэкІэ зэфІэвмышхьж, унафэщІхэми (Іулъхьэ) яІэщІэфІэлъхьэурэ, хамэ мылъку къэвмытхьэкъу, ар зэрыгуэныхьыр щыфщІэкІэ».

(*Сурэ 2, Іэят 188-рэ*).

Бегъымбарым жиІащ: «Іулъхьэ зытри, къеІызыхри, а тІур зэпызыщІэри зэхуэдэщ. Абыхэм Алыхьым и нэлатыр къалъэІэсынущ».

Іулъхьэшхым зыри щхьэусыгъуэ иІэкъым хьэрэм ишхын папщІэ. Іулъхьэр хьэрэмщ, ар зэзыхьэлІэм мафІэкІэ ІейІ ахърэтым щиплыныжынущ, дунейми Тхьэм къыщыхуигъэгъунукъым.

КЪЭНЖЭКЪУЛ Мусэ,
диным и лэжьакІуэ.

Іэятхэм я дерсхэр

УкъэзыгъэпцІэ тхьэгъуэ

***КъурІэн льапІэм и Іэятхэм къаІэкІыж я ятеуэуэ тхьагъэхэм къальдощэ. Фи пащхьэм ныдольхъэ «Іэл-Хьимран» («Хьимран и бынунагъуэр») сурэм щыщу Іэят зыбжанэм я гугъу зыщІ мы тхьгъэ мыиныр.**

184. **Уэ пщІыупсу укъалъытэмэ** (ехудэм пхуэмыфащэ кхыпхужаІэмэ, згъащІгъуэн зыщумыгъэхъу, жьакІэ Іэщ), **уи ялэкІэ къаухэкІуа лЫкІуэхэри абыхэм пщІупсу ябжат** (Нух, Хьуд, Щалихь, Ибрэхьим, нэгъэущІхэри), **нащэнэ наІуэхэр, уафэм кьеха Тхьэлъ льапІэр, зыгъэнаІуэ фІыщІагъэхэр яІыгъа пэтми.**

185.**Пса зыІуалъхьа псоми лІэныгъэр яГъэныщІкІунущ, къэвлэжьари** (фи лэжьыгъэхэм я пщІэр) **КъемэтмахуэмМ мычэму щІыбгъуэтыжынущ** (псапэхэри, гуныкъэхэри). **МафІэм пыІуашу жэнэтым ирашар ехьуІлащ** (жьыхьэмэ мафІэм ІэщІахьэу, жэнэтым яГъэкІуар). **Дуней гъащІэр укъэзыгъапцІэ тхьэгъуэщ** (мы дуней хьэхум цІыхур етхьэкъу, щыгъуэ, щыуахьтынщэу кІыхьэщІыпхъэ, жьжьиГащ).

186. **Фэ фи мыльКУкІи** (ар ффІэкІыуэдыныжкІэ е абы хэкІыпхъэр хэвгъэкІынымкІэ) **фи щІэхьакІи** (гугъуекъэхэмкІэ, гуауэкІэ, сымаджэгъэкІэ, уГгъэкІэ, укІыгъэкІэ, нэгъэущІ Іэджэмкіи) **фагъэунэхунущ** (Аллахьыщ фызыгъэунэхунур), **фи ялэкІэ фІыщІагъэ тхьилъ къызызыуэкІуахэми, мажусийхэми зэзыІаГъэхьынущ фи жагъуэ хьун кущ** (Еджагъэшхуэ Зухьрэйим къызэрильытэмкІэ, Алыхьым и лІыкІуэ Мухьэмэд льапІэмрэ ехуд Іэшрэф и къуэ Къэхьбрэ я зэхуаку Дэпъа псальэмэкъым теухуауэ къехаш мы Іэятыр. Къэхьб суэ «мышухэр» хуэзэхилъхьэрт Алыхьым и лІыкІуэ льапІэм, ар иубыРт, ауанмкІэ псори ирагъэкІэну хущІэкъурт, абыхэм ешуэну мажуСий джаурхэр хуэхуриджэрт, кхьэзщІигъэстырт), **ауэ фыбэшэчмэ, фыГъэмакъкІыхьмэ, Тхьэм фыфІэлІыкІмэ, ар цІыху тэмэму, лІыгъэ зыхэлъу фызэрыщІытым и нэщэнэ хъунущ.**

187. (Уигу къэгъэкІыж, Мухьэмэд) Тхьилъ зыхуигъэкІуа-жэм (ехудэхэмрэ чыристанхэмрэ я хьалимхэрщ кхыхигъэщІыр. Абыхэм динырылажьэхэри гъусэ яхуэзыщІхэри щыІэщ) **псалъэ быдэ ЯІихащ Алыхьым, ар** (ФІыщІагъэм итыр) **цІыхуэхэм хуагъэнэІуэну** (зи гугъу ищІыр Мухьэмэд бегъымбарым теухуауэ Торэтымрэ Инджылымрэ кхыщІыкІуэхэрщ) **икІи ямыбэзыщІыну** (зыми щамыбзыщІыну). **Ауэ ар абыхэм Іэщ1ыб ящІыжри** (Іэщ1ыб ящІар Тхьилъ яхуигъэкІуараУэ жаІэ ялыныкъуэхэм. НэгъуэщІхэм къалъытэ «псалъэ быдэ яІихараУэ»), **уасэ мащІэкІэ ящэжащ** (а цІыху икІэхэмрэ абыхэм я ІупфІэгъуэхэмрэ кхыІаха ІулъхьэхэмкІэ, ерыскъыхэкІэмкІэ). **Сыту Іей-тІэ абыхэм къащэхуар!** (Алыхь Иным фІэигъэджэщ абыхэм я щытыкІэр. Гу зылъытапхъэщ: мы Іэятым зи гугъу ищІыр ехуд, чыристан щІэныгъэлІхэрами, мусльымэн еджагъэшхуэхэрами, дерс кхьыхахьпхъэщ: ахэри Тхьилъ (фІыщІагъэ псоми я нэхъ льапІэ щыІэр) кхьызыхуехахэм ящыщщ. Еджагъэшхуэ Хьэтэдэт зэрыжиІэмкІэ, ащ щІэныгъэ зыбгъэдэлъхэм Алыхь Иным боршу ящищар - езыхэр зыщыгъуаэзэр цІыхухэм хахьэну, ямыбзыщІыну).

ПщІыхьэщІэ Латиф.

Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

Фи лъэІукІэ

	18.55
	18.56
	18.58
	18.59
	19.01
	19.02
	19.03
	19.05
	19.06
	19.07
	19.09
	19.10
	19.12
	19.13
	19.14
	19.16
	19.17
	19.18
	19.20
	19.21
	19.22
	19.24
	19.25
	19.26
	19.28
	19.29
	19.30
	19.32

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Духьэшыхэр

Ар щапхъэфІщ

Щэныбэ Олег (куэдым гъэфІэгъыбзэу «Уэлий» зыхужаІэм) сабий фІыуэ елъагъу, ауэ я Іэпхъэм исыр (Анзорхэ Іэбу-Бэчыр щыкІур) зыпищ щымыІэщ и адзр и ныбжьэгъуфІщ. «Адыгэхэм ди пабдзэщ, - зыхужьитІу щыта, Абхъазым и Іныхъужь, иджыблагъэ дунейм ехыжа (ахърэт нэу Тхьэм къринтІ) Сосналы СультІан и лІэужьхэм ящыщщ.

- САБИЙХЭР СИ ТІАСХЪАПІЭЩ, - жеІэ Олег, - куэд щІакъым сэри си пхъыриІхъуэм зы дыгъэшыр щыкІу къаэзрыхьхъуэрэ. Ари си гурыфІыгъуэщ. Сабийхэм я псэр къабзэщ, дерсыфІхэр псынщІэу къапхъуатэ, компьютер телыдизэм хуэдэу, Іэбу-Бэчыр щыкІуми и адзм и гъусэу мэжджитым къыздрикІуэр, щэч хэмылъу, сэбэныщхъэ къыхуэхъужынущ - гурэ псэкІэ зыхищІэнущ мусльымэныгъэм и Іэфіагьыр, дахагъэр, къапІагъэр. Сабийуэ дин щІэныгъэ пэжыр зэзыгъэгъэтыфар гъуэгу захуэм пхутекІынукъым, Іэщэ къищтэжи мэзым щІэтІысхьэнукъым. Щіэныгъэншэхэращ къэгъэпцІэгъуафІэри щыбгъэуэну тыншри...

Олег къыздриІыптэмкІэ, пасэ дыдэу щІэдзэн хуейщ сабийр гъэсэным. Сабий псори мусльымэну дунейм къытохъэ. КъыдэкІуэтейуэрэ, куэдыр гъащІэм и гъэсыпхъэрисхэм дунейм пыІуаш, гугъуехь зэмылІэужьыгъуэхэм хэмыкІыурэ, -зэрыпсэун Іужу- зэрахъэурэ. Щіэныбэри ящыщщ -Іэштімыщ лІы ищІэхэм-.

Мы лъэпкъым и1эщ тхыдэ хъарзынэ. Щіэныбзэ щоп-сэу Тыркуми, Иорданиеми, нэгъэущІ щыпІэхэми. Абы-кэм къаэхкІат генерали, Имамышхуи, щІэныгъэлІхэри.

Болэтэй дэсащ Олег и адэшхуэр. Щэщ гъэхэм, зы-хуэкІ хуэзэу зэрыпсэуи къыхэкІыу, лъэпкъыр зэкъэхуэн ящІ, я мылъкур трах. Абыи къыщыыпынэу, жылагъэр ирагъэбгІэну.

- Ди адэ Каченкэ янэрей механизаторхэм ящыщащ, - игу къеГъэкІыж Олег, - и Іэпщлъапщагъэ

● Си хъуреягъкIэ

Иретхи, иреплъ

ЗЫ ТХАКIУЭ-щIэныгъэ! диIэщ щIэныгъэм зритарэ литературэм хищIыхьышхуи хитхыхьышхуи щымыIэу. Абы зымахуэ зэIущIэ гуэр екIуэкIыу хъуэр-гушыIэ мышу идзащ ди къэрал тхыьI тедзапIэми тхыьIэ къыдэзыгъэкIами яхуэгъэзэуэ. Къызыхихар нэгъуэщIым и тхылъ къызэрыдэкIарат, езым ей къыдэмыкIыу. Хьэмыкъэ и хьыбар цIыкIум ещхь хъурт ар, езым имыщIэжми...

Зауэ нэуэкъ гъейхэм щыгъуэти, зыгуэр къыщысIухуэн жиIагъэнщ, дыуэщIым кIуат Хьэмыкъэ. ЗдэкIуам, хьэдэр къыщIахщ, бжэIупэм щрагъэтIылъыкIри щхьэщыуэжауэ, «Аныхьым жэнэтым ихь!», - жаIэрт, къытрагъэзэжурэ. Тхьэмыщкlэр Iейуэ къэмэжэлIа мыгъуэу къыщIэкIынт, аргуэру «Аныхьым жэнэтым ихь!», - щыжаIэм, хуэщэчыжакъым:

- Ихьынуми ихьынщ, зэщIэфалъхьэ мыр, - къаухэкIящ, жаIэ Хьэмыкъэ. - Мыбдежым щылъу ихьын!

Абы нэхъеI, зи гугъу тщIа тхакIуэ-щIэныгъэлIым иретх тхылъ, имытхыу къыдагъэкIын!

ЦIыхуфIымрэ цIыху Iеймрэ

МЫР ХьэIупэ Джэбрэ-Iиа и деж щызэхэсхащ: «ЦIыхуфIымрэ цIыху Iеймрэ зэхэгъэкIыгъуейкъым, - жиIэрт ди анэм. - Уэ фIыуэ къыпхущытмэ, цIыхуфIщ, Iейуэ къыпхущытмэ - Iейщ».

Ар икIи пэжу къыщIэкIынущ. Уэ цIыхуэ фIыуэ къыпхущытмэ, укъилагъу-укъилытэмэ, нэгъуэщI зыгуэрхэм ар зэрахущытым щIытепщIыхьынIар дIо? Сэ, псалъэм папщIэ, Шэрджэс Адэрэ фIыуэ къыхсхущытмэ, пэжкIэ къызбгъэдэтмэ, модэ зыщIыпIэкIэ щыIэхэм я жыIэ седаIуэу, цIыху Iейуэ ар къэслъытэн щIыхуейр сыт? Хьэмэрэ адрейхэм жаIэр щхьэ си фIэщ сщIыпхъэ, сэ езым си нэкIэ слъагъум нэхъри?!

Акъыл зыхэлъ псэлъафэхэр

- «УИ ЯПЭКIЭ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуоззэж» жиIэу, псалъэжь щыIэщ, - игъэпIагъэрт ди классагъу Виц!у Виле школым дыщыщIэсым. - ЛIо, акъылышхуэ Iей хэлъ абы? Уэлэхьи, апхуэдэ Iэджэ жысIэфынумэ сэ!

- ЖыIэт-тIэ! - дыпэуват зэи, кудрэ гупсысакъым:

- Цыжьбанэм утетIысхьэмэ, кхыпхэуэнуц!

ГъащIэпсо дерс зыхэлъ адыгэ псалъэжьыр, лъэпкъым лIэщIыгъуэ кIуэхэм къапхихар арат абы и дежкIэ зэрыхъур!

Ярэби, дымы-Вилэу пIэрэ жыIэгъуэ фIэтщауэ нобэ «псалъэжьхэр» кIуэрыкIуэм тету щэ, мин бжыгъэкIэрэ къащIэсыгъэдз языныкъуэ тхакIуэхэр?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

ТхъуцIынэ гъэвэжа

КУЭДРЭ зэрыщымылъым къыхэкIыу, тхъуцIынэр ягъэвэж. Абы ерэныр щIэныкIа нужь, зэмыкIуэкIыу куэдрэ щылъщ.

Ар зэрагъэвжыр шыуанщ. И лъащIэр щIигъанэ къудейуэ, шыуаным псы щIыIэ тIэкIу иракIэ, хьэкум трагъэувэри тхъуцIынэр иралъхъэ икIи мафIэ щIыкIу дыдэм тету ягъавэ. Щыжкlэ тхъурымбэр чымчыркlэ кьытрах. Ауэ псы щIыIэ тIэкIу хаутхэмэ, тхъурымбэр кьыдэжкIуейкъым, езыр хошыпсыхьыж. ТхъуцIынэр чымчыркlэ зэIащIэурэ ягъавэ, гъуэжьыфэ дахэ хьухукIэ, мэ гуакIуэ кьыщтэхукIэ. Тхъу кьыщIидзащ жызыIэу, и кIэм нэс зымыгъавэ щыIэщ, ауэ апхуэдэу кьытрахьыжар куэдрэ щылъкъым.

Тхъуцынэ гъэвжар нэхъ эгъэжбзыкIын щхьэкIэ, шыуаныр хьэкум лъэныкъуабзу трагъэувэ. Ар тIууэ зэтожбжыкI: тхъу кьабзэрэ тхъуцIэжрэ.

Тхъу кьабзэр кьыщхъащагъэжри, кхъуэщыным е абдж тепщэчым иракIэ, ягъэущIыIури, и щхьэр быдэу гъэбыдауэ щыIапIэ-кIыфIыпIэм щагъэуцы. Тхъур щхьэщагъэжа нэужь, шыуаным кьинэр тхъуцIэжращи, ар щIамыгъэлъащэу пхъэ бжэмышхкIэ кьралъэщIыкI - щIыкIаIам, ар кьыдамыгъэкIуэн щхьэкIэ.

И теплъэкIэ тхъуцIэжар тхъуэпль дахэу, мэ гуакIуэ кьыхихыу, Iуву щытщ. Ар тепщчым иралъхьэри, хуабзу яшх. Лэкъум, щIакъуэу хуабз, кIэртIоф гъэва дашх. Кьэуатышхуэ зыщIэлъ ерыскъыгъэущ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьытхыжащ.

● Гушыlэ

Иджы уэ къелъэ

БЕИЖЬ гуэрым хуэлажьэ мэплъхьэум псы ефэгъуэ щыхъум, мэлъэр псыхъуэм диутIыщIхьэри, езыри тIэкIу зигъэпсэхуну бгы жьауэм деж кIэщIэIыхьащ.

Пщым зэрыхуэмыжьыIэщIэм щхьэкIэ хьэпсым ирадзэну крахужьа щIалэр зыгъэпщкIупIэ лъыхъуэу бгы нэпкъым щелъэм, мэлъхьэм тепкIэри абы и блыпкъыр иригъэпкIащ, мэлъэри щIэри, псым хэпкIащ. Хьэушэм щыщ зыкъомэ псым ихьауэ, и мэлъыхьуэм и блыпкъри ипкIауэ бежьжым къыщIищIэм, щIалэр кьигъуэтри, суд ядмыритащ.

ХеящIэр Хъуэжэти, бежьжым и тхьэусыхафэм щIэдэIури:

- Уи мэлхэр едгъэпшыныжьынути, пщым хуищIэм кьыдэхуэу щIалэ тхьэмыщкIэм зыри кьыпыкIынукъым. Кьхъуэца псори зи ягъэр пщыраци, абын сыт кьыпыпхын? НэгъуэщI мыбы и суд зэрыпщIэн сщIэркъым, кьуищIар ещIэж ахъумэ. Езыр бгым кIэщIэгъэтIысхьэ, щIалэм укъытепкIэу уэ абы кьелъи, и блыпкъыр игъэпкI, - жиIащ Хьэужь.

Бежьжым и Iуэху кьыззэримыкIынур кьыгурыIуэри, кIэбгъу зищIыжащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.
2001 гъэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Бгъэр егъаса.
Сурэтыр **СЭВКIУИЙ Хьэмид** *ищIащ.*

Сабийм и бампIэ

Рассказ

ГъатХЭ махуэщ. ПщIантIэ хуитышхуэм дэнэкIэ кьиукIри сабий джэгуэм я макъщ. Гъатхэ хьэндыраб гъуэу дунейр зи щIэщIгъуэхэм хуэдэу кьалъэтыхь а цIыкIуэхэм. Сэри иджьпстукIэ сащыщщ а зи макъ кьэIу щыкIуэ эм. ИджьпстукIэ щIыкьыкIэмэ щхьэусыгъуэщхуэ иIэщ. Иджьри кьэскIэ зэмыс сыкьимыщIэу гъэпщкIуауэ кьызохьэкI а щхьэусыгъуэшхуэр. Адэкlэ схуэхьыжьыркъым, схуэщэчыжьыхэркъым.

Сэ еханэ классым сыщедджэу арькудейщ, ауэ гупсысэхэмрэ бампIэхэмрэ кIуапIи жапIи кьызэтыжыркъым, игъуэ нэмысу сызэщIаубыдащ абыхэм. Сэ сиIэщ ади, ани, сиIэщ зы шыпхъу цIыкIуи. Мис а си шыпхъу цIыкIури си гъусэу дыщоджэ, дыщопсэу зи унагъуэкIэ хуэмыщIа сабийхэр щаIыгъ еджанIэм. Дэ дыкьыщащхьэуащ адыгэ кьуажэм, адыгэ унагъуэм.

Ди кьуажэр инщ, унэ дахэ защIэщ дэтхэри. Ауэ сэ мыбы сыкьыщцIкIуэжыр зэрэмызэхэхэщ, сыздекIуэлIэжри си анэщхуэм дежщ. Дэнэ сыкIуэн-тIэ? Дэ зыдыхьэж хьун пщIантIи уэщIыхьэж хьун уни диIэкъым. Дипа тIэкIуэхэри хокIуэдэж. Сыту сынасыпынщэт, сытуи сыщIыбгъынщэт!

Адэ, анэ... Насып псори яIэщ ахэр зыщхьэщытым! Дэ ди адэр ефэным фэи льи езымыгъэщI цIыхуэщ, абы а «Iэнэшэ» жыхуаIэри щIыгъужу. «Папэ» жытIэу зыхуэдгъэззэну эзи кьыт-хуиухуэрэым. Ди анэмэ «псори зэпыту фыкIуэ», - жыхуиIэу дыкьыхьыфIидзэри, екъури ежьэжауэ Урысейм хэту жаIэ. Ар сэ зэи слъэгъуауэ щIэркъым.

АтIэ мис а си анэщхуэм деж сыкьыщыкIуэж зэззымызэм кьызжиIэрт: «КIуэи, тIасэ, уи адэм и псэукIэр зэтеуэгъагъу». Абы сэ щысIльагъунур нани ищIэрт, сэри кьызгурыIуэрт. Араща, хьэ щтауэ зызыхуэсшэурэ сыдохьэж пщIантIэм. Слъагъур сытым дежи зызымыхъуэж суэтыращ: зи упсыгъуэр блэкIа пащIэ-жьакIэ зэщIэкIэжар зытет си адэр, кьыфыкъэзыр, си щхьэфэм Iэ кьыдильэуэрэ «щхьэ умыжейрэ, си хьыджэбз цIыкIу?», - жиIэу кьысщIэупщIэу кьызыщызогъэхъу. АтIэ, хьэльэхъэ ар си дежкIэ? Си жэщхэр псори апхуэдэущ зэрызгъакIуэр, нэхущхэр щIэкIу, жеIэр зыхихыркъым, уеблэмэ сыкьицыхужьхэркъым. Гъунэгъуми Iыхьлы-ми яужьгъужа льапсэт ар. АкьылкIи кьаруки сэ сызыпэмыльэщ Iуэхугъуэт си нэгу щIэкIыр.

Арати, сыкьыдоIыж нэпсхэм си нэр кьыщапхъуарэ, сыльэпэрапэу. Апхуэдэу си гуэр икъутыкьауэ сыкьыщIохьэж нанэ деж. Ди тхъэмыщкIагъэр зимыщIэщIгъуэж, гуIэныр зызхуэмышэчыж нани нэпсэр кьызыщIэмыкIыж и нэхэмкIэ кьыщызэплъкIэ, тIуми зы псалъэ тхужьмыщIэу зэпщIэхэдзауэ допыльхэ... Си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIуми зыкьедмыгъэщIэн ди гуГъэ щхьэкIэ, абыи гу кьытлъетэри, гъын кьрегъажьэ.

А псори си нэгу щIэкIа нэужьт си жейри си зэхэщIыкIри щыкIуэдыпэр, си махуэри жэщым хуэдэу кIыфIу щызгъакIуэр. Апхуэдэхэм дежи дерсым егъэджакIуэхэм щыжаIэр щызэхэзмык кьэхьыр т. Кьыхсщыщ1мкIэ егъэджакIуэхэр кьыщызэупщIкIэ, мывэу сыжьыт, зыри с хужьмыIэу си нэхэр кьижу сеплъу сыщыст. Сытыт жыслIэнури?!

Ауэрэ сэ нэхъ сызыщыщынэ гъуэлъыжьыгъуэр кьюсри, пэщхэм зыщIыдоГуэщэк. НэгъэщI мыхъуми, мы жэщыр щымыIамэ, си гъащIэр тIэкIу нэхъ тынш хъуну пIэрэт? Жэщым гупсысэхэр кьыстохьэлъапэ, бампIэм сызэгуеуд. Си пэщым кьызыдыщIэлъхэр псори жей Iэфым хьыхьжакIэщ. Сэри сыгъуэлъыжа щхьэкIэ, сызыыгъ гупсысэхэм сагъэжейрхьыж.

Ди щхьэгъубжэм кьыйуэвауэ сольагъу мазэ хуэрейшхуэр. Ар си анэ зи напэ сымыльэгъуэм изогъэщхь, арауэ кьыхсфIощIри, сыкьыпогуфыкI, зыхуэзогъафIэ. А мазэм и бзий щхьэгъубжэм кьыдидзкIэр кьыстощхуэ си анэм и Iэхэрауэ. Ар си напэм кьедэхащIэурэ, си щхьэфэм Iэ кьыдильэуэрэ «щхьэ умыжейрэ, си хьыджэбз цIыкIу?», - жиIэу кьысщIэупщIэу кьызыщызогъэхъу. АтIэ, хьэльэхъэ ар си дежкIэ? Си жэщхэр псори апхуэдэущ зэрызгъакIуэр, нэхущхэр тIэкIу, жеIэм сыщыхильафэр. Сэ сытым хуэдэу сехъуапсэрэ жэщкIэ зи анэм и псалъэ IэфIхэм щIэжеикIыжхэм, зи адэ и псалъэ гуапэхэмкIэ ягъэгушхуэ си кьуажэгъу, си ныбжь кьыджэбз цIыкIуэм.

Дэнэ щыIэу пIэрэ иджыпсту си анэр? Пльагъуркъэ, «си анэр» жызоIэ, «мамэ» псалъэм сцIыхуркъым. Дэ еджэн щыщIэддзагъащIэм ди егъэджакIуэм зэпымыууэ кьыджиIэрт «мамэ», «папэ» псалъэхэм зэпымыууэ кьыджиIэрт «мамэ», «папэ» псалъэхэм нэхъ IэфI дунейм зэрытемытыр. Ауэ си дежкIэ а псалъэхэм нэхъ дыдж щыIэтэкъым.

Сэ тщэдджьыж кьэсхIэ сыгуГъэрт сыкьэзушрэ си напIэхэр кьызэрыгъэгъэгъэхыу, си анэм и Iэплъэм сыкьихутэну, Гугъэр нэпцIу кьызэрыщIидзэнрэ сцIэрти, си нэр зэтепIауэ пщэдджьжькIэрэ кьэдрэ сыщыхэль щыIэт. Си нэр кьызэтесхрэ зыкъэспльыхьмэ, слъагъур си ныбжьгъуэхэмрэ си сабиигъэуэ щыкIэ пэшлъэрэт.

Сытыт сщIэнур? Дапщэщи хуэдэу, си гугъэ нэпцIу кьыщIэкIахэр лъэныкъуэкIэ кьызогъапщкIуэри, махуэщIэм зыхузогъэхьэзыр.

Ауэрэ макIуэ сабиигъуэри, макIуэ гъащIэри. СщIэркъым сытым сыхуэзкIуэнуми...

КIУРАШЫН Алий.

● Хъуэжъу

Къыщалъхуа махуэр нобэ егъэлъапIэ ди щIалэ гъэфIэн Кlэрэф Алим Арсен и къуэм

Насып Iуащхьэм удэкI зэпыту,
Зы гуфIэгъуэм адрейр къыпыту,
Узышагъэр уи гум щызу,
Гукъыдэ жыр уи гум изу,
Дэрэжэгъуэр дамэу пстерр
Уи гур зыщIэхъуэпсым уи Iэр лъэIэсу куэдрэ упсэуну дынокъуэхъу.

Жылокъуэхэ уи дадэ Борисрэ уи нанэ Зоерэ.

● Псалъэжьхэр

Iэзэгъуэ зимыIэ щыIэкъым

♦Хамэ щIэнтIэпс хъер хъуркъым.
♦Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щыIыхъужьщ.
♦Уи хэкур лъэщмэ, уогушхуэ.
♦Ажал мыхъумэ, Iэзэгъуэ зимыIэ щыIэкъым.
♦Ахъшэр пшахъуэщи, гъащIэр щIащхъуэщ.
♦Гукъеуэ зимыIэм щщыхьэнIэфI елъагъу.
♦Гум имылъ жьэм къиуатэркъым.
♦Зым и хущхъуэ зым и щхъуэщ.

● Псынщэрыпсалъэхэр

Бэдэ бадзэм иреудыр

●Джэдыгу гъуру Дыгъужьжьь, ущыдыгъуэр дэнэ, щхъуэжь.
●Бэдэ бадзэ къеубыдыр, Бэдэ бадзэм иреудыр.
●Дыгъэ къепсым сыкъригъэпсри, си нэпсыр ткIуэпсткIуэпсу къыщIигъэлъэлъащ.
●Хъурмэ мыкъуари хъурмэ къуари хъумакIуэм ехъумэ.
●Ди губгъуэр Iэбгъахъуэ хъунIэщ, жыг щхьэбгъуэ абгъуалъэщ, тхьэрыкъуэ гъуалъэкIапIэщ.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **1.** Нэхъапэм зэхьэзэхуэм щытекIуэм ирату щыта щэкI плъыжь цIыкIу. **3.** Адыгэ Iуэрыпатэм уэшдрихьэлIэ шы Iъэрызехьэ. **4.** ЦIыху псынщIэ, си щхьэм имыт. **9.** ЦIыху шынэгъуафIэ, лIыгъэншэ. **10.** Нартхэм я гуащэ. **14.** Къуалэбзу пIащэ, цы фIыцIэ тету. **15.** Сабий хьэпшып. **16.** Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **17.** Сабий цIынэр зэрагъэуфэзу хьэпшып. **18.** Гуэдз, нартыхуэ зэхьэжIэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэ. **19.** Кьуажэ махуэ хьун, зи ... вакъэ изылъхьэр фыкьызэхуэсI. **20.** Нартыхуэ гъэлыгъуэ хьэжьгъэ. **22.** Транспорт пIэужьыгъуэ. **26.** Акъыл зэпIэзэрыгъэ зимыIэ. Е «щIалэ ... нэхърэ лIыжь гугъэпсэху». **27.** Дыгъэ зытемыпсэ лъэныкъуэ. **30.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **31.** Зэман пыуыкIа, Iыхьэ гуэрым гуэрыр здынэсыфынум и гъунэ. **32.** ЦIыхуэ щыгъын. **34.** Автомашинэм, щыгум, лъакъуэрыгъажэм я зы Iыхьэ. **36.** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **37.** Хъэмпэ щабэшхуэ зытет удз. **39.** «... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ». **40.** Адэм е анэм я анэ. **43.** ПхъэIэпэм нэгъуэщI зэредж. **44.** Ди дзэпкъэгъу зауэлI, къхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и Лыхъужь. **45.** Джэдкъаз. **46.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIихь зиIэ и артист. **47.** Къуацэчыцэ.

Къехьу: **2.** Хупщынэр зэрагъэтэдж тхьэ. **3.** ХьэкIэхъуэкIэхэм я «пащтыхь». **5.** Илъэс, илъэситIым ит щыщIэ. **6.** Сенычым нэгъуэщIу зэреджэр. **7.** А хьыджэбзым ... дахэ хэлъщ. **8.** Пщым, уэркъым я дэIэпыкъуэгъу. **11.** Къэжьыгъэр щIым зэрыхэт къуэпс. **12.** Лъэныкъуэ зырызкIэ зэжьащIэкIа. **13.** Щхьэгъусэм и къуэш. **19.** ... мастэ. **20.** Мыуслымэн диным пшхыуэ имыдэ, фIэмыкъабыл. **21.** Республикэм, къэралым и блэкIа зэманыр. **23.** Шым и кIуэкIэ. **24.** Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **25.** Щхьэгъусэ бгъэдэмысыж цIыхуб. **28.** Кавказым щыпсэу лъэпкъышхуэ. **29.** IэщIэвыщIэ гуп. **33.** Дэрбзэр хьэпшып. **35.** ХадэхэкI. **36.** «Лъагъуныгъэр, си псэ, ар мы ... джану, дыкъызэрыгъапцIэу, дызэдумыгъэджэгу» - Тхъэбысым Умар и уэрэдым щыщщ. **37.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуб тхакIуэ. **38.** ПамыупщIу гъэ техьа удз. **41.** «Уэзы ...» - адыгэ уэрэдыжь. **42.** «Куэсэ ... умыщI» - псалъэжь.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Щlышылэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **1.** Гъэсащэ. **4.** Атэлыкъ. **10.** Бэрсокъуэ. **11.** Ашэмэз. **12.** «ГъущIыпсэ». **13.** Адакъэ. **15.** ЯпIэкъуэ. **16.** «Асльэн». **20.** Дзэкъу. **22.** Ажэгъуэмэз. **23.** «ЩыхуIэгъуэ». **24.** ПлIэ. **28.** «Пшэпль». **30.** Токъуий. **31.** «Ажэкъуэ». **35.** «Тамарэ». 36. Кlэрашэ. **37.** ТехьэпщIэ. **38.** Бжэнудз. **39.** Гулъэмыж.

Къехьу: **2.** Сосмакъ. **3.** Шабзэ. **5.** Тхьэгъуш. **6.** Лэрыпс. **7.** Арарат. **8.** Псыхуэ. **9.** ПкIэнэ. **14.** Адэжьнэ. **17.** «ЛъагъугъуфIэ». **18.** Уэнэцlэ. **19.** Махуэжь. **20.** Дэп. **21.** Хьэшэ. **25.** ЛIакъуэлIэш. **26.** Юпитер. **27.** Бэджэнд. **29.** Псатхъэ. **32.** Жэрдэм. **33.** «Хьэтау». **34.** ШкIэпль.

● ЖыIэгъуэхэр

КъуищIэну псом уемыжьэ

♦ ФэрыщIу гъащIэр пхьын, зэ укъыщитхъыжьынкIэ шынагъуэщ.
♦ ХэIэтыкIа нагъыщIэм нэхъри, упщIэ нагъыщIэр нэхъыбэрэ къэгъэсэбэпынхъэщ.
♦ Хьэуэ зэрыжаIэ зымыщIэм Iуэхутхьэбзэкlэ ущымыгугъ.
♦ Щыхум и ныкьуасанырэр щызыбзыщым суд, иригъыкIыIэу жезыIэри жельафэ: Iэмал екIуэн хуейщ.
♦ Цыхум ищIэнур гъэунжу, ауэ къуищIэну псом уемыжьэ.
♦Щыуагъэр нимэ, гу лъытэгъуейщ: пэжу къыщцыхъункIэ шынагъуэщ.
♦Iэжьм и зэран узышыагъэм екIыпмэ, щхьэщцегъатъэф, щIыр сэбэн хуэхъунымэ, упс.
♦Узыгъэр къебэ-небэурэ, узынщэр къытохуэ.
♦Жьыздаiуэу щытахэм тхъэусыхафэу нэхъ мащIэ ягъэшрэ?
♦Уафэми хуэпсатъэр щыцIэкIэ арэзы пхуэщIын?
♦Уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжмэ, нэгъуэщIэмэ кьалъос.
♦Фым кьыгъэтэмакъар, Iейм Iуоуэрн, тосабыр.
♦Iейм зыкъыззэкъуэх, фIыр къыззэрокI.
♦Бзаджэр щэм ящыщу зэкъуэнщкIауэ зыкъыптъытэмэ, и цIыхугъэр бгъущIрэ бгъурэ кьыхегъэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Къуажэхьхэр

Зи губгъуэр хужь, зи жылэр фIыцIэ

♦ Зи щхьэр матэ, зи кIэр топ.
♦ Чей цIыкIу махъсымэ лIэужьыгъуитI итщ.
♦ Зи губгъуэр хужь, зи жылэр фIыцIэ.
♦ НатIэрыдз, Iэрыдзын, уеуэ пэтми, ар мыуэ.
♦ Дакьэжь цIыкIу гъуаниблщ.

Жэуапхэр:

Адыгэ Iэзэмкъэ Тхьэмэ Тэм. Щхьэ.

НапжкIуэщIыр зыгъэхъэзырар ШIХЬЭЦЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жыласэ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ льэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапи Iэхэм ядзекъэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтекуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынир и щIэ дольщ КъБР-м федералIэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъащ.
Зы ильэсым газетыр 250-р къыдокI.

КъБР-м ЩIихьэзмрэ хьыбарегъащIэ ЮнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэ зэныхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, редактору **Льостэн Музэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(3,5,6-нэ нап.)*, **ПхъатIыкI Юрэ** *(1,2,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *Компьютерхэм газетым и тепльэр ящIащ:* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтыщIэр* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ЮнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №256